

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER  
SMA POMOSDA TANJUNGANOM NGANJUK  
TAHUN PELAJARAN 2021-2022**

|                 |                                 |
|-----------------|---------------------------------|
| MATA PELAJARAN  | : KEBUDAYAAN                    |
| KELAS / PROGRAM | : X MIPA/IPS                    |
| WAKTU           | : 60 MENIT                      |
| SIFAT           | : BUKA PEPAK JAWA               |
| PENGUJI         | : NUNIK DAULATI ABADIYAH, S.Pd. |

**PETUNJUK KHUSUS**

**KODE SOAL:**

- (PG-1) ☐ : Pilihan Ganda 1 (Satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
- (PGK- L1) ☐ : Pilihan Ganda Komplek Lebih dari 1 (satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
- (PGK-BS-1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah 1 (satu ) pernyataan, dengan memberi tanda centang (√)
- (PGK-BS-L1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah atau sejenisnya Lebih dari 1 (satu) pernyataan, dengan memberi tanda centang (√)
- (MJDK) : Menjodohkan jawaban dengan menuliskan angka/huruf.
- (IJS) : Isian Jawaban singkat
- (U) : Uraian

**I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor kanthi milih wangsulana kang paling bener!**

Gatekna wacan ing ngisor iki!

**WEDANG SECANG**

Wis akeh wong sing ngerti menawa secang yaiku sawijining omben-omben sing bisa kanggo njaga kasarasan. Awak ora kepenak, masuk angin, nek diombeni wedang secang anget-anget bisa seger waras. Saiki wis ana produk wedang secang wujud sirup lan bubuk, pangombene luwih praktis lan gampang. Secang urip ing sadhengah papan. Bisa ing pegunungan utawa dataran rendah.

Ing padesan kanggo pager utawa urip ing kebon lan tegalan. Dhuwure kira-kira lima nganthi enem meter, wit pange kebak eri temple sing bengkok. Wite gilig wernane ijo semu soklat. Godhonge majemuk kaya godhong lamtara, wohe polong dawane 8-10 cm ambane 3-4cm, pucuke kaya manuk. Nek wis mateng wijine ireng, saben polong ana 3-4 wiji. Kayune bisa diarah nek wite wis umur 1-2 taun. Kayu secang nek digodhog wernane banyu malih abang. Bisa kanggo bahan cet (pewarna), kaya wernane jajan, ombenan, anyaman, lan sapanunggal.

Secang bisa kanggo ngobati lara diare, disentri, watuk getih (TBC), tatu sing nemen, sifilis, malaria, radang selaput lender merga gangguan sirkulasi getih. Kayu secang ngandhut *asam galat tanin*, *resorsin*, *brassilein*, *d-alfa-phellandrene*, *ascimene*, minyak atsiri sing kasiyate bisa ngendhegake pendarahan, pembersih darah, penawar racun, lan *antiseptic*.

Carane gawe ombenan saka secang, njupuk kayu secang sacukupe, ditambah gula, sere, jahe, lan banyu sacukupe. Bahan-bahan mau ditutu (diselep) dadi siji banjur diperes lan disaring. Terus digodhog suwene telung jam. Nek wis adhem diwadahi nang botol sing wis diumbah resik (steril). Siap diombe. Kajaba kanggo sirup, secang bisa ngobati pirang-pirang penyakit.

- (PG-1)** Surasa/isi pawarta kasebut yaiku ....
 

|                               |                            |
|-------------------------------|----------------------------|
| (A) Mupangat kayu secang      | (D) Ngicalake penyakit TBC |
| (B) Khasiat wedang secang     | (E) Njagi kasarasan        |
| (C) Wedang secang kangge obat |                            |
- (PG-1)** Artikel sing ngandharake sawijine masalah kang dumadi ing masyarakat, sahingga bisa disumurupi apa sing satemene dumadi. Jinis iki memper kaya laporan utawa reprotase, bedane yen laporan mung adhedhasar kasunyatan wae, yen artikel panulisane nerangake masalah kanthi gambling bisa awujud opini iki diarani jinis artikel ....
 

|                 |                 |
|-----------------|-----------------|
| (A) Eksploratif | (D) Prediktif   |
| (B) Eksplanatif | (E) Preskriptif |
| (C) Deskriptif  |                 |



11. (PG-1) || لانا نولس سورتن yen di tulis nganggo aksara Latin yaiku ....

- (A) Aku tuku buku (D) Hanum nulis buku  
(B) Aku nulis surat (E) Ibu nulis surat  
(C) Haki nulis surat

12. (PG-1) Adhik belajar nandur. Yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku ....

- (A) || لانا نولس سورتن  
(B) || لانا نولس سورتن  
(C) || لانا نولس سورتن  
(D) || لانا نولس سورتن  
(E) || لانا نولس سورتن

13. (PG-1) Unsur apa wae sing kudu ana ing cerita?

- (A) Internal lan eksternal (D) Internal lan ekstrinsik  
(B) Intrinsik lan eksternal (E) Ekstrinsik lan eksternal  
(C) Intrinsik lan ekstrinsik

14. (PG-1) Ing ngisor iki sing ora kalebu unsur ekstrinsik yaiku ....

- (A) Agama (C) Politik (E) Ekonomi  
(B) Budhaya (D) Klimaks

15. (PG-1) Karakter paraga ing cerita cerkak kagolongake dadi telu, yaiku ....

- (A) Antagonis, protagonist, psikologis (D) Psikologis, tritagonis, antagonis  
(B) Protagonis, antagonis, casting (E) Tritagonis, psikologis, antagonis  
(C) Antagonis, protagonist, tritagonis

## II. (MJDK) Cocogna aksara Jawa karo aksara Latine kanthi trep!

|                                       |                       |
|---------------------------------------|-----------------------|
| Sasa nandur kangkung neng ngisor wit. | <input type="radio"/> |
| Amran melu panen jagung neng sawah.   | <input type="radio"/> |
| Bapak dhahar jangan organik.          | <input type="radio"/> |
| Aku ndhedher sawi neng pot.           | <input type="radio"/> |
| Adhik nulis neng buku kegiatan.       | <input type="radio"/> |

|                       |                 |
|-----------------------|-----------------|
| <input type="radio"/> | لانا نولس سورتن |
| <input type="radio"/> | لانا نولس سورتن |
| <input type="radio"/> | لانا نولس سورتن |
| <input type="radio"/> | لانا نولس سورتن |
| <input type="radio"/> | لانا نولس سورتن |